


Serial Bayan ke 2

Sr. BUNTUNG <sup>di</sup> <sup>lagi</sup> TUTUGAN

# diaka **SANTANG**

SILAT



OKKY STD

## S. SUKANDAR

# 13

HAK TJIPTA DITANGTAJUNGAN KU UNDANG<sup>2</sup>

**BUKU<sup>2</sup> ANU TOS MEDAL :**

1. Seri Si Buntung Djago Tutugan ka 40  
tamat.
2. Seri Waliwis Bodas djilid 33 hantjaeun
3. Seri Siti Muljati djilid ka 14 tamat.
4. Seri Djaka Santang djilid ka 13 hantjaeun

Sadajana karangan S. Sukandar.

Tiasa ngagaleuh ka Toko<sup>2</sup> Buku pangtjaketna



---

Izina Terbit /Diedarkan: No. Pol.188-1/NBT/Bin/70 Tgl 18. 4 .70  
KOMDAK VIII DJABAR LANGLANG BUANA.

---

## Bagian - ka 37.

-NURUTKEUN panendjo lahirjahna mah Djaka Santang teh moal bisa menjat deui, guru bukti anu sidik ngudag njata anu natrat, manehanana harita geus sakitu kaajaanana, tibanting satakerna nepi ka djungkel diumpalik bari njebrotkeun getih tina sungutna.

-Tapi njatana, Djaka Santang memang masih keneh hedjo lalakon rambaj tjarita, tjindekna mah manehna teh masih keneh dipandjangkeun umur ku nu Maha Kawasa, ku kitu tea mah pati hurip manehanana teh lain ditangtukeun ku manusa, lain ditangtukeun ku Pa Dugala nu harita djadi lawanna malah dirina sorangan oge teu bisa nangtukeun kalawan pasti kudu kumaha tjarana pikeun ngukuhan njawana, paribasa umur ukur gagaduhan njawa sakadar sasampajan, hirup ngan darma rumingkang, ku kituna sanadjan sakumaha parnana musibat nu harita karandapan, Djaka Santang tetela masih keneh tahan, harita keneh oge manehna njelegedeg hudang deui, sok sanadjan tina sungutna mah masih keneh ngalej getih.

—Medi katut Sidik lain deui ngalenjap njeblakna barang mireungeuh kaajaan Djaka Santang nepi ka ngoleab teu beda ti kalakaj katebak angin, nu saterus. na djungkel djumpalik bari njebrotkeun getih hirup tina sungut, duanana ngagentak tingdjorelat muru ka Djaka Santang nu harita geus ngadjeregdjeg hudang, atuh Si Rujuk mah geus teu kudu nunggu deui paren. tah, seot bae manehna naradjang ka Pa Dugala, nja kitu deui Si Petjut teu tinggaleun, ngadjegug bari nje. renteng nu satulujna ngarondjang kana beungeut Pa Dugala, ngan bae sakali ieu mah Pa Dugala katjida tjingeusna, ngagentak manehna njabut bedog sarta langsung disabetkeun ka Si Rujuk bari rikat ngadjorelat luntjat njingkahan panaradjangna Si Petjut ngabarengan gerakna dampal suku nu ngahantja kekemplong nu tumerapna ka Si Petjut nepi ka ngagebut satakerna bari ngaguik nahan kanjeri, sedengkeun Si Rujuk kapaksa kudu ngadjaul ka luhur teu bisa kalaksana-keun hajang ngagapruk kana hulu, lantaran mun teu kitu badan manehna pasti amburadul disabet ku bedogna Pa Dugala.

*Sidik* „Njinkah — — Petjut! Rujuk! Lain pilawaneun sia deuleu eta mah!” Sidik njelang heula ngagorowok, geus kitu heg manehna malik ka Djaka Santang, ke-rewek kana peupeuteujanana bari pokna:

*Sidik* „Santang — — — eu. . . — — — teu nanaon. . . — — —?”

*Medi*, Djang Santang... duh... nepi ka kieuna..."  
Medi mah bari ngarangkul.

*JS* „Aduh... huhuhuh... teu nanaon sakieu mah...  
djamak...” Djaka Santang humarurung, kusiwel ma-  
nenna ngaluarkeun wawalunna dipake njusutan getih  
nu masih keneh ngalej ngabaseuhan gadona.

— Puguh we tumerapna ka Pa Dugala nepi ka mo-  
lotot hookeun ngabarengan riukna beungeut nu ngan-  
dung kakaget, teu sangka nu djadi lawanna make bisa  
ngadjeregdjeg hudang deui bari kawus nu aja keneh  
hodjahna. ku kituna pok bae manehna njarita bari  
dibarung ku ngagakgak,

*Medi*, Ha... ha... ha... tjan nanaon... Santang? Ha  
... ha... ha... sorrr... atuh madju deui silaing...  
bisi hajang ngasaan kumaha rasana ari nangkarak ba-  
eud teh!”

*Medi* „Aduh<sup>2</sup>... sombong teuing sia... Dugala? Ngan  
djeung aing deuleu ajeuna mah lawanna!” Medi nu  
memangna geus teu kaampeuh nahan napsu, ngagen  
tak manehna ngadjorelat ka hareupeun Pa Dugala.

*Sidik* „Mungkur Mang Medi! Sawios ku abdi urang  
sanghareupan!” Sidik oge rikat ngadjorelat ka hareup-  
eun Pa Dugala. daun tjeuli ngadadak karasana panas  
lir disebit barang ngadenge pokpokanana Pa Dugala  
nu sakitu garihalna, ngahina teh mani bebeakan naker  
ngahahangu njawa batur.

*Medi* „Ha... ha... ha... deuk naon korojokan? Hade  
... hade... pikeun Si Dugala mah moal mundur

nadjan sasiku, haram ngedjat sanadjan satundiang  
beas! Tapi... -tanja heula Si Djaka Santang bisj  
ngarasa panasaraneun keneh... ,kadjaba lamun ma-  
nehanana geus teu sanggupeun, hade... ganti ku  
nu sedjen! Ha... ha... ha... "Pa Dugala nambalang  
bari njakakak, ngahadja njaritana kitu teh saolah  
olah pikeun niundut hatena Djaka Santang, supaja  
madju deui,, ngarasa kurang senang lamun tatjan  
ngadjolor teh, oge kawasna ajeuna mah moal sa-  
kumaha hesena diragragkeunana da puguh geus  
kanjahoan kitu buktina.

*J.S.* „Hemb... mungkur Mang Medi... Sidik...  
sawios urang sanghareupan deui... "Djaka Santang  
bari ngetejep ka hareupeun Pa Dugala.

*DUGALA* „Tah... bener kitu mah lalaki ... Santang!" Pa  
Dugala ngorowok barang geus tetela Djaka Santang  
deuk madju deui.

*J.S.* „Hemb... teu perlu ngalobakeun tjarita...  
Dugala, sorrr... deuk kumaha andika teh?"

*DUGALA* „Heheheh... lain andika nu nanja teh, tapi ka-  
ula... Santang lantaran andika nu kudu, majar hu-  
tang urut bieu ti gogolontjong... lain?" Pa Dugala  
peta lakuna ngoa naker.

*J.S.* „Tapi kapan... andika teh lain butuh ku nja-  
wa kaula? Mana tjek kaula oge ... sorrr... deuk ku  
maha karep andika ajeuna?"

*DUGALA* „Euh... kitu? Naha moal kaduhung kitu... la-  
mun andika ajeuna ngalakon kudu dirurub?"

*J.S.* „Teu nanaon... Dugala, paling<sup>2</sup> oge kaula teh  
ditumpakeun meureun kana pasaran.!"

*DUGALA* "Hade atuh Santang ...awas!" Pa Dugala njo-  
rowok bari 'njebrutkeun peureupna, bari hate mah  
lain deui udjubna jen lawanna teh pasti moal nga-  
jakeun hodjab naon<sup>2</sup>, digempur dadana piraku teu  
rebah sarta tangtu moal bisa menjat deui.

-Tapi kanjataanana angkeuhan Pa Dugala teh  
njalan bina bina. Djaka Santang ngagentak  
djingkrak sarta bari diteruskeun ku ngolebatkeun  
badanna kagigireun Pa Dugala heulah ti kentja.  
lantaran sakilat ku manehna katiten Pa Dugala  
ngaheumatkeun leungeun kentjana, diedak ... teung  
geulan ke pang leungeun kentja Djaka Santang nga  
hantja tulang pipi Pa Dugala nu beulah katuhu  
bareng djeung eta gilek Diaka Santang njerong,  
ngentja ngabarengan hiukna teunggeulan ke pang  
leungeun katuhu, „Duk!” teu salah deui ngahantja  
punduk, „Uuh ...!” Pa Dugala teu burung ngage-  
rung bari badanna deuk tikusruk, heat ... teung-  
geulan leungeun katuhu Djaka Santang deuk mio,  
do punduk bari dibarengan ku gerakna leungeun  
kentja deuk ngahantja iga burung, orokaja Pa Du-  
gala ngagentak ngadjengkatkeun suku kentjana ba-  
reng djeung malikna badna beulah kentja, „Duk!”  
pigeulang leungeun katuhu Djaka Santang dihantja  
ku takisan leungeun kentja, „Des!” sodokan leu-  
ngeun kentja Djaka Santang dipeupeuh ku teung-  
geulan ke pang leungeun katuhu, „Duk” siku ken-  
tja Pa Dugala nu tadi

mentas dipake nakis, saterusna ngageduk njarok gado, bareng dijeung eta srog Pa Dugala madjukeun suku kentjana ngabarengan gerakna leungeun katuhu, teu salah deui.... „Duk!” peureup buleud nu gedena teu beda ti djeruk bali teh ngadjebrodo kana dada, „Uuuuh ...!!!” Djaka Santang ajeuna mah nu ngagerung bari badanna ngadajagdag deuk tidjengkang sabot kitu hiuk... peureup kentja Pa Dugala njusul tepus. tapi Djaka Santang masih keneh bisa ngawasa dirina, ngagentak manehna ngaragragkeun badanna ngagunakeun gerakan bajam ngupuk, djorelat ka gigireunana bari ngagunakeun gerakan babad patjing kana bintjurang, 267/19 „Djadah siah!” Pa Dugala ngagero bari badanna ngarampeol, tapi satekah polah manehna mageuhan kuda<sup>2</sup>. na ulah nepi ka padjengdjar, sabot keur kitu Djaka Santang ngagentak ng a d j o r e l a t ngedjat bari nedjehkeun dampal suku kentjana dina gerakan walang sunsang. nu tumerapna ka Pa Dugala kapaksa we manehna kudu ngagebru. lantaran bintjurangna deui we nu dihantja teh. dipindo ku dampal suku.

268/19 „Heheh... hebat gerakan teh... Santang!” Pa Dugala ngebrehkeun panudjina. „Tapi... ..ulah waka gede hate...., kalah kumaha oge andika moal bisa leupas tina dampal leungeun kaula...!” Pa Dugala bari nguniang hudang.

● Djaka Santang teu nembal, napasna tembong ngehegak njenen kemis, memang karasa beuratna njanghareupan Pa Dugala teh, lain wegah ku wewesenna atawa ku tingkat pangabisana ngan nu djadi seungguh teh daja



tahanna sarta tanagana katjida bedasna, tapi sanadjan kitu ari tekadna mah geus buleud, manehna moal gampang boboleh satungtung kuat keneh ngalawan mah, mikir ka dinja. manehna teu ngadago heula gerakna lawan, sakilat manehna njamberkeun djurusna dina gerakan landak nobros gunung warahan ti nu djadi bapa.

~~Dugala~~ „Ha....ha..ha....bener garang keneh--...Santang!”, Pa Dugala ngagakgak, tapi sacutik oge manehna teu, ngedjat, manehna ukur ngageser njerong robah kuda sedengkeun dua leungeunna geus diangkat pikeun mapag panaradjang lawan nu maksudna leungeun Djaka Santang deuk ditewak nu saterusna deuk digebot sina pedjet atawana sina gepeng lir pepetek, tapi Djaka Santang oge tjukup surti, samemehna Pa Dugala ngagerakkeun dua leungeunna, leungeun Djaka Santang geus ngaleungit manten tina sasaran, djorelat Djaka Santang luntjat ka gigireun Pa Dugala bari ngepretkeun dampal leungeunna ngagunakeun gerakan beulang ngabintih nu teu salah deui ngagaprot kana beungeut, „Andjing sia!” Pa Dugala njarekan bari ngagentak malik nuturkeun posisi lawan, tapi gerakan Djaka Santang leuwih tjepet ngadiuskeun peureup kentjana.

✓s „Hakan kedel!” „Djrot!” tjukung irung, „Uuuuh!” Pa Dugala bari sirahna ngalenggak, „Duk!” disusul ku peureup katuhu ngahantja gado „pindo kedel” djebrod

...teu salah deui ngahantja dada. „Uuuuh!” Pa Dugala ngagerung deui lambat naker bari badanna nga ljarigdjeug ka tukang.

-Tapi lain oge Pa Dugala nu geus katjeluk djago kahot lamun kudu ragrag kudu ragrag kakara ku sakitu sarta dina waktu Djaka Santang ngahéatkeun deui djurus landak nobros gunung, Pa Dugala nu memang barita geus bisa ngawasa deui diririna, tapi manehna terus roroern saperti nu deuk labuh, sok padahal ieu teh ngan saukur mangrupa gerak tipu malulu, ku kituna kalawan teu disangka sangka naker. waktu peureup Djaka Santang njuruntul deuk ngahantja kana sasaran. sakilat naker leungeun Djaka Santang geus bisa ditewak nu saterusna ditjentok ka gigireunana, bareng djeung njolontodna badan Djaka Santang, leungeun kentja Pa Dugala sakilat ngahéat ka luhur. geus kitu njerepet ka handap sarta teu salah deui ngagedjret kana punduk, „Uuuuh...!!” Djaka Santang ngagerung bari badanna ngusruk, geus kitu mah teu antaparab deui ketewek bae punduk Djaka Santang dijerek,, „Duk!” sirahna dipepeg ku leungeun kentja, gebru Djaka Santang njungkruk deui, kerewek pundukna dijerek deui sarta langsung diangkat ka luhur, heg badanna diubengkeun sababaraha puteran, geus kitu belesat bae dibalangeun gebut ragragna nangkuban, sarta sakali teu mah Djaka Santang teh teu usik deui, manehna terus ngadjehdjer kapaehan.

10207 „Djang Santaaang...!!!” Medi ngotjeak bari ngagentak muru, atuh Sidik mah rikat ngabelesat ka hareupeun Pa Dugala sarta teu antaparrah deui, sebrut bac ngadiuskeun peureupna.

„E...eh! Mangke lanan...naha geus gilig andika teh deuk mitjeun njawa?” Pa Dugala bari ngagentak nakiskeun leungeunna. „Duk!” dua kakuatan leungeun diadu, tetela dina soal tanaga mah Pa Dugala teh lain hampas hampaseun, da eta we Sidik nepi ka ngadje-regdjeg ka tukang, sedengkeun Pa Dugala mah teu kitu teu kieu, manehna telep nambleg dina tempatna.

*SIDIK* „Alaaaah...montong ngalobakeun utjap....Dugala Sanghareupan kaula gagantina!” Sidik bari ngahuk-keun deui peureupna.

*DUGALA* „Heheh..—abongkena bebendjit...ari katakuan teh tara djeung pikiran!” Pa Dugala bari ngagentak ngagilir njerong robah kuda<sup>2</sup>, hiuk...leungeun katubuna deuk nungkup pigeulang ngabarengan gerakan leungeun kentjana deuk njodok iga burung, tapi Sidik ngagentak ngagilek njerong ngatuhu, lep ngareundeuk dina gerakan monjet ngemil ngabarengan ditarikna deui leungeun katuhuna, srog Sidik ngasupkeun suku kentja ngagunakeun djalan djero, „Duk!” sodokan Pa Dugala dipeupeuh ku teunggeulan leungeun katuhu, djorelat leungeun kentja Sidik dina gerakan tjaladi noktrok deuk njamber iga burung, tapi Pa Dugala rikat luntjat ka beulah katuhu bari nedjehkeun dampal suku kentjana

deuk ngabakan kekemplong, orokaja gerakan Sidik katjida tjepetna, ngagentak manehna ngazilir ngentja kira<sup>2</sup> opat puluh lima daradjat ngabarengan ngadjengkatna suku kentja nu saterusna ditempatkeun di satu kangeun suku katuhuna, sedengkeun gerakan leungeun katuhuna ngabeat sadjalan dieung gerakna badan, nja puguh ari lol....dampal suku Pa Dugala njampeuk, ari „Des!” dihakan ku teunggeulan kedet leungeun katuhu, bareng djeung eta srog suku kentja Sidik asup ngagunakeun djalan djero, sedengkeun gerakan tjalad noktrok nu tadi kungsi gagal, ajeuna geus ngabelesa<sup>1</sup> deui sarta teu salah ngagabres kana kekemplong Pa Dugala nu beulah ti kentja, „Ajuuhh ..!!!” Pa Dugala nepi ka ngotjeak bari suku kentjana nu tadi dikedet teh ngadjengkeng, atuh teu antaparab deui djedak bae dihantja ku teunggeulan kepang, galcong....gebut bae Pa Dugala nu sakitu djangkung badagna teh nepi ka nangkuaan saterusna ngagebung teu beda ti sora munding dipeuntjit.

*Sidik* „Hajoh gigibrig....Dugala! Moal enja andika make kudu nampujak ku bebendjit...hab?” Sidik ngagorowok, ngarasa gemes dumeh ngadenge pokpokanana Pa Dugala tadi, ngareken pisan ka bebendjit.

*DUGALA* „Huhuhuh....memang atng ge....deuk hudang deuleul” Pa Dugala bari ngadjurungkunung, puguh ngarasa ripuh mah geus lain tjaturkeuneun deui, eukeur

mah tibeubeut satakeuna, ditambah ku kekemplong asa tobros, djaha babadjeg mah karasana asa pegat, dikedet dua kali kitu mun kurang<sup>1</sup>, wedelna mah matak ngaplek enja<sup>2</sup>, tapi nja eta.. — puguh oge Pa Dugala mah lain mangrupa lawan sagawajah, djigana teh teu kerel<sup>3</sup>, harita oge ari tjelegedeg ari sebrut bae Pa Dugala ngasupkeun djurus Mande katilu bari dituturkeun ku leungeun kentja nu maksudna deuk ngagunakeun teunggeulan Sra kana pubu tjeuli, tapi Sidik kalawan tenang pisan rikat ngolebat njingkaban panaradjang, sarta dina dekna males naradjang manchanana ngagunakeun djurus<sup>4</sup> Taodjungpura nu dikombinasikeun djeung gerakan paksi muih nu sumberna tina Tjimande keneh, nu tumerapna ka Pa Dugala teu wudu rada riweuh oge lantaran gerakanana sasat ngarodon. —

— Waktu Sidik ngalegot ka gigir mitjeun teunggeulan Sra nu deuk ngahantja dadana, oge samemehna Sidik bisa males naradjang, Pa Dugala geus njampeuk manten njuru duk dina gerakan gadjah meta, djelas leungeun kentjana deuk ngabubukeun sirah sedengkeun peureup katuhuna deuk ngabedjadkeun dada, atuh angkeuhana<sup>5</sup> Pa Dugala, dimana lawanna geus nambro lantaran beunang digebot ku leungeun kentja nu diibaratkeun tulale gadjah, geus moal minge deui lawanna teh deuk terus diluluh supaja ulah bisa menjat deui.

Tapi Sidik teu gugup sumawonna make ngarasa rentag mah, kalawan sakilat naker manehna ngadjorelat ka gigir, waktu Pa Dugala malik nuturkeun bari tetep dina gerakan gadiah meta, Sidik rikat ngareundeuk ngagunakeun gerakan monjet ngemil. Pa Dugala hari-peut asa dibere sasaran empuk hipu, teu antaparah deui leungeun kentjana diheumbatkeun ka handap pi-keun ngabentjarkeun sirah, tapi sakilat Sidik nakiskeun leungeun katuhuna ngabarengan gerakan tjaladi noktrok deuk njamber beuheung, Pa Dugala nu memangna geus tjukup nganjahokeun kumaha kahebatanana gerakan lawan nu diwangun ku dua ramo leungeunna, kapaksa manehna ngagagalkeun gerakanana, nu saterusna manehna ngarempod bari ngagilirkeun badaonna, geus kitu hiuk... leungeunan Sra deuk ngabantja punduk. orokaja Sidik rikat ngaborengkeul ka gigir, sarta dina malikna deui, teu antaparah... hiuk djurus kahidji Tandjungpura deuk ngadagor tjareham, tapi Pa Dugala rikat ngagilir njerong bari ngarondjangkeun leungeun nu maksudna deuk njerek pigeulang, orokaja Sidik katjida awasna, mun beunang teh tangtu nasib manehna moal teu saperti Djaka Santang lantaran geus yakin tanaga Pa Dugala teh katjida rosana, ku kituna ngagentak manehna narik deui leungeunna bari ngagilirkeun badaonna ka beulah katuhu ngabarengan ngangsirodna suku katuhuna ka tukang, „Duk!“ leungeun Pa Dugala

nu deuk ngarondjang teh dibantja ku teunggeulan  
kepang leungeun kentja, hiuk...peureup kentja Pa  
Dugala deuk mepeg tjukang irung, tapi Sidik ngagen-  
tak ngageatkeun leungeun katuhuna nu dibarengan ku  
ngangsrodna suku katuhu ngagunakeun djalan djero,  
„Duk!” gerakan leungeun kentja Pa Dugala digagalkeun  
bareng, djeung eta tuor Sidik sakijat ditundjelkeun,  
„Duk...hel” ngabeset beuteung, tapi tetela daja taban-  
na Pa Dugala teh estuning matak kaget, djeung tinim-  
bang ngageblag mah manehna kalah ka ngarondjangkeun  
dua leungeunna deuk ngarawu punduk, puguh we tu-  
merapna ka Sidik lain deui ngarandjogna, ku kituna  
ngagentak manehna ngaragragkeun badanna ngaguna-  
keun gerakan tjangehgar ngagalaprak, „Des!” babadjeg-  
na Pa Dugala dibantja ku gerakan babad alas, „An-  
djing siah!” Pa Dugala ngagero bari ngadjerete ka  
tukang, hiuk...panadjongna njampeuk deuk ngaben-  
tur sirah, tapi Sidik ngagentak mapag ku teunggeulan  
kepang. „Duk!” ngahantja mumuntjangan, djerete Pa  
Dugala, saperti tadi, sabot kitu djorelat Sidik ngedjat  
ngadjaul ka tukang, sedeng Pa Dugala nu memangna  
masih keneh tanan, ngagentak manehna njebrut dina  
gerakan gadjah meta, Sidik rikat ngolebat bari nadjong-  
keuk dampal sukuna dina gerakan sapu djagat, lumajan  
nepi ka ngabeletuk ngahakan bintjurang sarta gerakan  
gadjah meta teh kapaksa kudu ngaheunggeu, sabot kitu

Sidik ngagilek malik bari langsung ngadiuskeun diurus oraj totog, Pa Dugala rikat ngagerakeun leungeun kentjana deuk dipake newak pigeulang, orokaja dina waktu nu ngan sakitjeup pisan peureup Sidik ngaleungit tina parendjona, bareng djeung eta Sidik ngasupkeun suku kentjana ngabarengan gerakna leungeun kentjana nu diibaratkeun buntut oraj, heat.... djebet bae teu salah deui ngahantja kana pipi.

*DUGALA*, „Setan siah! Diwedjek sia ku aing!'' Pa Dugala lain deui amarahna, lantaran utadi keneh manehna terus terusan kabecunangan, ku kituna rikat manehna ngaron-  
djangkeun leungeunna keukeuh, hajang bisa njerek, da lamun seug beunang teh moal asa<sup>2</sup> deui deuk digebot, tapi da puguh Sidik oge geus surti deui, mun seug ditewak teh moal teu ripuh, dina tanaga mah jakin maehna moal nempil, ibarat tjinggir nandingan indung leungeun nja moal bisa, ku kituna manehna rikat ngo-  
lebat bari ngisupkeun todjong sapudjagat deuk ngahan-  
tja pigeulang, puguh we tumerapna ka Pa Dugala mani haripeut naker saolah olah nu dianteuran, ngagentak manehna ngarobah gerakan leungeuna sarta ngan kere-  
wek bae dampal suku Sidik teh beunang ditewak, tapi samemebna Pa Dugala bisa narik, Sidik ngagentak nga-  
gurimpal malik nangkuban sarta



*Medi* „Tewak we deuleu ari bisa mah!” Medi bari taki<sup>2</sup> pikeun luntjat, sabisa bisa manehna deuk maen atar, lantaran lamun teu kitu paur katewak, piraku teu digebot ku Pa Dugala, oge mun peureupna ngadjebrodtéh kana dada manehanana, geus bisa dibajaangkeun ti ajeuna keneh kumaha pirasacunana.

Pa Dugala sakali ieu mah ngabedeb, tapi ari matana mah tetep ngagedur, ambekanana kadenge semu-semu ngorok, nu pikeun Medi mah kudu leuwih ati<sup>2</sup> bisi kapalingan gerak.

*Medi* „Modar sia . . . . .setan!” Pa Dugala udjug<sup>2</sup> ngagero bari badanna ngabelesat sedengkeun peureup katuhuna geus mantjo deuk ngabedjadkeun dada, tapi Medi tjukup tjingtjeung, sakilat manehna ngadjorelat sarta langsung ngolebat ka gigireunana, sarta teu antaparrah deui tjeprot manehna njiduhan, puguh we ari tjeprot ari gurubug Pa Dugala teu beda ti nu diseureud kaladjengking, gerakanana ngadadak ngarandeg, „Setaa aan . . . . .!!” Pa Dugala ngagorowok njarekan bari ngagentak nungkup beungeutna, leuwih<sup>2</sup> tjilakana ajeuna mah lantaran tjiduh Medi teh rada tjepel<sup>2</sup> bangun nu aja bukuran, sabot Pa Dugala pakupis meresihan beungeutna, teu antaparrah deui djedak bae beungeut Pa Dugala dibantja ku djurus totog, bek deui gadona ditimpah, disusul ku tundjelan tuur ngabeset hulu angen nu tumerapna ka Pa Dugala ari ditoron kitu mah nja ripuh bae nu aja, memang eta ge ari hodjahna mah aja

—bukbek nondjokan ka hareup, tapi teu puguh kamana sasarana da puguh matana ngadadak rada bureng, karapet ku nu tjepel<sup>2</sup>, dipitjeunna teh mani hese naker, atuh sabot manehna gagaleongan keneh satekah polah ngadjaga kasimbangan badanna supaja ulah ngagedebut, Medi ngolebat deui bari njamberkeun dampal sukuna dina gerakan walangsungsang, „Duk!” ngahantja kana kekemplong. atuh sanadjan sakumaha tangguhna oge nja teu burung we Pa Dugala teh ngagedebut, ngan henteu we tisuusut, manehna ragragna ukur ngadjeng-djehe.

—Tapi kituna teh ngan sakeudeung, gurindjal Pa Dugala nangtung deui, geus teu kudu ditjaturkeun kumaha mudal amarahna harita, da eta we geus teu antaparah deui sebrut bae manehna naradjang, tetep ngagunakeun gerakan gadjah meta, tapi Medi nu memang gerakanana katjida lingasna, sakilat manehna ngatjleng ka gigir,

„Duk!” peureupna bantrok djeung punduk Pa Dugala, „Gelo siah!” Pa Dugala bari malik, tapi Medi rikat ngagunakeun gerakan panggah muih, tjlok ti tukangeunana, hiuk—...—djekuk....punduk Pa Dugala ditimpah deui, geus kitu rikat Pa Dugala malik, orokaja sakilat Medi ngolebat ngagunakeun langkah dua welas, „Duk!” deui punduk Pa Dugala dihantja nu katilu kalina, nu antukna Pa Dugala ajeuna mah teu daek gana<sup>2</sup> malik, tapi rikat manehna luntjat ka hareup, geus kitu kakara manehna malik ka tukang, ngan bae Medi ajeuna mah terus tjitjing, njeunghap heula, lantaran napasna geus

lain deui ngahegakna balas luluntjatan, atuh Pa Dugala leuwih<sup>2</sup> riphna, malah pikeun Medi mah ngadjadikeun kauntungan oge. lantaran gerakan Pa Dugala teh henteu sarantjiugas saperti barang mimiti, piraku we atuh deuk angger bae mah, urut ngalawanan Djaka Santang sarta Sidik oge tanaga manehanana teh geus lain saeutik<sup>2</sup> ka-tjongtjajna, hal ieu teh ku Medi oge geus bisa kanjahoan dititenan renghap randjugna ambekanana geus katjida kerepna, bari djeung ngorok deui teu beda ti babi keur sakarat, djaba atjajna mani ngadadaleh matak sebel.

- Ku kituna waktu Pa Dugala njebrutkeun deui peureupna, sakali ieu mah Medi teh henteu ngedjat, tapi ngagentak manehna ngawangun gerakan emok tjabok, hiuk — — — — — „Duk!” beuteung Pa Dugala ditundjel ku peureup katuhna, bareng djeung eta djorelat. . . . . leungeun kentja Medi sakilat ngagunakeun gerakan tjomot dage, gerewel newak kandjut kundang, teu pira ngan ukur dipentjet saeutik bari rada didudut, na atuh bet ngagudjrudkeun, ari goak teh Pa Dugala ngagoak teu beda ti bebendjit nu sieuneun ku bangbarongan bari matana ngadadak ngaburileng ka luhur.

*DUGALA* „Tobaaaaat. . . . . andjiiiiiiiing. . . . .!” Pa Dugala terus kokotjeakan bari njolontod teu beda ti nu sakalor puguh we pikeun Si Lukman djeung Si Samsa mah lain deui ngarasa kagetna, naha guruna nepi ka kokowongon kitu, tapi Ki Baridji mah memangna geus

ngarti deui da puguh geus kungsi ngalaman, ku kituna ngagentak manehna njampeurkeun Pa Dugala sarta langsung dibawa ngedjat ti dinja lantaran guruna teh kalah ka terus pependelikan da puguh kaletjina njaba sasiki teuing kamana, atuh Si Samsa katut Si Lukman djlung djleng laluntjatan nu maksudna deuk ngerepuk Medi, orokaja kaburu aja nu ngolebat ka hareupeunana bari ngahadangeun bedogna, nu taja lian ti Ki Damiri muridna Pa Djenar nu ngahadja deuk njusulan Djaka Santang lantaran dibiras ku nu djadi guru, nu pikeun Si Samsa katut Si Lukman mah djadi ngaregog oge, lantaran tangtu ajeuna mah kudu patutunggalan, dua lawan dua, katurug turug ari ngareret ka guruna bet kalah ka terus ngabengbeos bari dipapah ku Ki Baridji, atuh teu antaparah deui ngan beletjet bae duanana lalumpatan ninggalkeun pakalangan.

~Puguh geus kungsi tepung, serengeh Medi seuri, atuh Ki Damiri bari ngadjak sasalaman ka Medi, pok bae manehna njaritakeun maksudna, bari hate mah lain deui kagetna lantaran mireungeuh kaajaan Djaka Santang djeung Sidik harita.

~Medi atuh derekdek njaritakeun naon-naon nu geus kungsi kadjadian tjikeneh, diterangkeun saperluna, atuh geus kitu mah bring bae arindit ti dinja, Djaka Santang dipapah ku Medi sedengkeun Sidik dipapah ku Ki Damiri, Si Petjut ngitjlik pandeuri, dina tonggongna njeng-tje. Si Rujuk... ..

ooOoo

-PIKEUN Pa Djenar mah lain deui ngarandjugna, barang mireungeuh Djaka Santang djeung Sidik waktu ngarongheap teh beunang disebutkeun masih keneh dina kaajaan nu matak njalempangkeun, komo barang ngadenge dongengna mah, leuwih<sup>2</sup> ngarasa reuwasna, ngan harita mah manehna teu ngalobakeun deui tatanja, Djaka Santang katut Sidik ngagentak harita keneh oge ku Pa Djenar diubar aber.

-Meunang tilu poe dimemenanana teh, geus mimiti mending, malah nintjak kalima poena mah geus tjageur bener, geus kitu mah kakara ku Pa Djenar disina ngariung tiluanana, nja eta deuk dibedjaan tina hal kaajaanana Lasmanah, atuh waktu mimiti tepung djeung Ki Damiri, ngan ukur disebutkeun aja penting wungkul, ongkoh da memang kitu panitahna Pa Djenar oge, dalah ari maksudna nu sabenerna mah Ki Damiri oge luput teu dibere njaho.

*Pigeas*, Lain — — — kumaha di Dawuan teh. . . . . betah?"  
Pa Djenar bari ngareret ka Djaka Santang, teu djol<sup>2</sup> geplak ka nu dimaksud, tapi ngahadja malibir heula supaja ulah djol<sup>2</sup> neungkas.

JS „Kantenan we Bapa....”

PAYEN „Daramang nja Pa Adjengan?”

JS „Daramang waktos ieu mah, saurna ngintun salam daktos ka Bapa, oge teu kinten Bapa teh diantos sumping ka Dawuan—”

PAYEN „Eu...— kitu nja, keun ke ari salse....aeh....— ari Santang ku naon nu matak riributan djeung Ki Dugala teh?” Pa Djenar saterusna ngalegotkeun obrolanana.

JS „Eu....ngawitan mah sareng pun Lukman ributna mah— — Pa, memang ieu teh ti waktos kapungkur keneh manehna ngandung hate ka abdi.....” bari derekdek saterusna ku Djaka Santang didongengkeun asal muasalna, nja eta keur waktu manehna masantren keneh di Dawuan.

PAYEN „Eu....— kutan kitu mimitina teh? Ari eta Ki Dugala teh guruna Ki Lukman kitu?”

JS „Sumuun tjariosna mah...— Pa.”

PAYEN „Hemh...— — pantes atuh ari kitu mah djalanna, puguh ge Ki Dugala mah susah dibawa bener, ti baheula teh tetep we bedang, memang manehna teh sok ngamuridkeun, tapi teu ngabogaan paguron saperti Bapa, kitu we diadon ditempatna nu diadjarna, datangna oge tilu poe sakali atawa saminggu sakali, oge dina ngadjarna teh ngan ukur lahirna wungkul, tapi ari rohanina teu diurus urus murid muridna teh, mana pantes kakara bisa sadjurus dua djurus oge djo-djol unggah adat we asa ieu aing djago...”

JS „Da eta geuning djenenganana oge Dugala, malah ngangkenna oge andjeunna teh radjana dugal — —”

Pajeu „Bisa djadi — — — da memang kalakuanana eta saluju djeung ngaranna, tapi nja eta — — ari pangabisana mah lain lalaworakeuneun, eukeur mah manehna teh tanagana katjida rosana, katurug turug tjeuk bedja, tjenah manehna teh boga elmu kawedukan. — — —”

Sidik „Euh. — — tiasa djanten Pa — — —” Sidik njelengkeung ngabenerkeun pamanggihna Pa Djenar.

Pajeu „Na geus ditjoba kitu?” Pa Djenar nanjakeun bari ngareret ka Sidik.

JS „Kantos Pa — — —, namung sanes ku pakarang. — — —”

Pajeu „Ku naon?”

JS „Ieu — — — ku ramo — — Pa, raraosan teh ngabelebes kana beuheungna, namung buktosna teu aja tapak<sup>2</sup>na atjan. — — —”

Pajeu „Eu — — kitu nja? Tapi — — — tjenah nu weduk mah ngan ukur ku pakarang wungkul teu teurakna teh . . . . . — — —” Pa Djenar bari ngareret ka Sidik, reret nu ngandung rasa kurang pertjaja.

Sidik „Namung da leres. — — — Pa, ditobros ku tjuruk teh teu teurak. — — —” Sidik ngajakinkeun ka Pa Djenar.

Pajeu „Tapi eta — — — — Dik, Bapa geus kungsi njaksian baheula, aja hidji djalma nu dikongaskeun weduk, tapi naha ari titadjong mah satakerna kana batu, ih — — — sukuna teh getihan sarta kuku indung sukuna nepi ka njengled — — — — —”

*Sidik*, „Aeh<sup>3</sup> — . . . . leres tateh . . . . — Pa?” Sidik ajeuna mah nu siga<sup>2</sup> teu pertjaja, ebreh riuk beungeutna semu-semu kaget.

*Pajen*, „Enja . . . . ., nu matak Sidik mah kurang tarik we meureun mana teu teurak oge . . . . — nja?” Pa Djenar bari njerengeh.

*Sidik*, „Nu mawi raraosan mah da mani ngabelebes . . . . —”

*Pajen*, „Enja ngan ukur rarasaan, kapan kulit beuheung teh ngenjod . . . . —”

*Sidik*, „Duka atuh nja upami kitu mah, namung da memang leres . . . . waktos abdi ngarodjok beuheungna teh henteu ngagunakeun tanaga sapinuhna . . . . — margi nu diemutkeun teh mamalana . . . . —”

*Pajen*, „Eu . . . . — pantes atuh ari kitu mah . . . . ., beuki kabarti we ajeuna mah . . . . ., hamb . . . . . — memang bener kudu kitu . . . . — Dik, ari teu perlu<sup>2</sup> teuing mah ulah gana<sup>2</sup> njatjadan lawan nu sakirana matak ngabaha-jakeun bener<sup>2</sup>, komo mun bari ngabinasa mah . . . . . — omat ulah pisan, lantaran kitu peta teh pasti bakal aja balitunganana, di dunja bisa disumput salindungkeun ti nu bakal pingahukumaneun, tapi djaga mah di aberat moal bisa leupas tina hukuman, lain kitu tjenah . . . . — Santang?” Pa Djenar bari ngareret ka Djaka Santang.

*JS*, „Sumuhun . . . . — teu lepat pisan kasauran Bapa teh . . . . —” Djaka Santang nembalan lalaunan.

*Pajen*, „Tah kitu geuning tjeuk Ki Santri oge . . . . . —” Pa Djenar bari njerengeh. „Lain . . . . . eu . . . . — hidep



tiluan teh ngarasa kaget meureun nja, naon sababna pangna disusulan ku Ki Damiri....” Pa Djenar antukna ngalegot kana maksud nu sabenerna, ngan nja eta teu djol<sup>2</sup> togmoi, bakuna mah ras mikirkeun Djaka Santang supaja ulah nepi ka ngadjenghok teuing.

*MEM* „Sumuhun...eu...aja perkawis penting panginten...Pa?” Medi bari ngagaramang kana dompet ududeun.

*Puguh* „Puguh...nja eta nu matak nitah njusulan teh...” derekdek bae ku Pa Djenar ditjaritakeun naon<sup>2</sup> nu geus kadjadian di Samarang, ditetek taja nu kaliwat teu sinkna dipedar dibedjer beas, tapi nja kitu dina ngedalkeunana tjarita teh estuning ati<sup>2</sup> naker, sakirana nu aja matakna mah teu disebutkeun. atuh dina ahirna tjarita Pa Djenar teh saterusna sanduk<sup>2</sup> babakuna mah ka Djaka Santang, lantaran kabuktian manehna teu bisa nulungan ka Nji Lasmanah, kaburu dibawa kabur, man-ten ku Pa Djaja

—Puguh ti barang mimiti prung nu njarita oge, Djaka Santang mah geus seseblakan, ha'e tingsereset lalinu paur, atuh dina tamatna, ana hek teh rarasaan lain deui eungapna, ambekanana teu beda ti nu ngarandeg, ngabarengan ruj rajna deudeuleuan semu karoneng sarta ririakan, sirah ngadadak beurat lungleng lendeng, bumi alam teh asa tungkeb nindihan ka manehana.

*JS* „Alaaaab....kutan teh...duuuuh...kumaha atuh Pa...emh....Nji Elas....deudeuh....” Djaka Santang

antukna njarita pejar<sup>2</sup>, kasurung ku emosi pitjeurikeun nu ngagendok dina tikoro, satekah polah ku manehna ditahan. tapi teu barung we panonna mah beueus, tji-matana maksa neredjel baridji! tina djuru<sup>2</sup> panonna sarta terus ngembeng katahan ku biwir panon, ana dikitjeupkeun teh tjak....surubut....ngalembereh ka handap mapaj sapandjangna pipi, sarta ngan braj bae Lasmanah nembongan keur diraredjeng bari teu reureuh djedjeritan njambat<sup>2</sup> ka manehanana.

J<sup>c</sup> „Hemb....kurang adjar Djaja... .ati<sup>2</sup>....ulah sambat kaniaja....lamun andika ku kaula bakal ditindak....” Djaka Santang njarita deui satengah ngagerentes ka dirina pribadi.

MEDI<sup>2</sup> „Sanes....Pa, eu....kinten<sup>2</sup>na ditjandak kamana kitu....Nji Elas teh?” Medi njelengkeung nanjakeun.

„Nu matak bingung Bapa oge, kapan waktu disusud ka Puntjakijae mah kabuktian suwung, tjenah tjeuk tatanggana geus arindit deui bari teu njarahoeun kamana ngaraleosna....”

J<sup>s</sup> „Moal kitu....mung sakadar mitjeun salasah mah?” Sidik nembrong ngebrehkeun pamanggihna,

P<sup>GEN</sup> „Teuing atuh....” Pa Djenar bari ngareret ka Djaka Santang nu keur ngaberuk.

J<sup>s</sup> „Emh....Pa, bade enggal<sup>2</sup> dipilari we atuh.....” Djaka Santang bari njerkatkeun sirahna ngareret ka Pa Djenar.

*paen* „Memang sakuduna . . . ,tapi omat..ulah rusuh teu puguh...Santang, lantaran ieu garapeun teh lain enteng<sup>2</sup> . . . ,geus njata komplotanana Ki Djaja teh lain saeutik<sup>2</sup> ..tjenah mah Si Karun oge ajeuna teh djadi ngahidji...”  
*js* - „Tangtos... Pa, eta mah...njubunkeun hibar pangduana bae....’

*paen* „Teu dipenta oge...tangu Bapa mah beurang peuring moal weleh ngaduakeun, oge bisi hidep perlu ku pibatureun, bawa we barudak Bapa di dieu, deuk saurang deuk duaan, taja halanganana....”

„Sawios Pa teu kedah ngarepotkeun, onghoh di Samarang oge aja Kang Banda oge tangtos bade ngiring panginten....”

„Enja...eu...iraha hidep deuk miang teh \_ \_”

„Upami diwidian mah bade ajeuna we \_ \_”

„Teu nanaon, puguh ari ngarasa sono keneh mah nataku Bapa teh..tapi padahal dikumahakeun atuh....”

„Mung sesah teh....Pa, kamana kedah milarina...”

„Eu...kieu we atuh...Santang, bisi ieu mah...., bisi Ki Djaja mangpretna ka Sumadra njampeurkeun Mandor Kadri, sahanteuna kapan manehanana teh bari mawa Nji Mursjah, tah ku kituna....tjoba njungsi we Ki Nata adi Bapa nu djadi mandor di kontrak Sumadra . . . ,tjaritakeun we ka Ki Nata jen hidep teh didjurung ku Bapa kituh....’

„Sumuhun kitu sae atuh Pa....eu \_ permios we bade mios ajeuna supados iuh keneh....”

„Enia... kitu we eta mah.... heg atuh Djang Sidik,  
Medi... ulah kurang<sup>2</sup> ngabampura we nja ka Bapa  
teh....”

„Ih.... sawangsulna abdi.... Pa, ngarepotkeun ka  
Bapa....” Medi njolongkrong ngasongkeun leungeun,  
sarta geus beres amit amitan mah bring bae arindit  
ninggalkeun paguron Bandjarsari, sadjeroning laleumpang  
teh mimindeng mah ngabaredeb, bakuna mah kabawa  
keun ku Djaka Santang nu terus terusan ngaheruk taja  
pisan kaberagan.

„Emh.. Bapa.. Enung.. deudeueueuh.... lepat Kang  
Santang ieu teh.... rumaos Engkang ngampleng di panja-  
naan... emh.. pantesna teh.... mangka<sup>2</sup> tjenah... ngahi-  
dji djeung Si Karun.... tapi... piraku Pa Djaja oge make  
ngantep... piraku make tega marabkeun sasatna anak  
sorangan....

Teu kaharti... naon sababna nu matak djadi nga-  
hidji.... kapan djeung pinak Si Karun teh... sakitu  
bendengna... ah.. bendeng soteh.... pedah kabawakeun  
ku djenatna Pa Jahja meureun.... hemh... ati<sup>2</sup> sia Karun  
... lamun kabuktian sia wan<sup>2</sup> ngagunasika Nji Lasma.  
nah.... moal teu disasaak awak sia ku aing....” Djaka  
Santang sadjeroning ngalengkabkeun suku teh, hatena mah  
teu weleh norowetjo, oge lelembutanana keukeuh man-  
tjo ka Lasmanah, heg dipapantes diwwaas, nu antukna

djadi nimbulkeun sora nu ngaguruh djeroeun dada, ngaheab panas teu sirikna ngaduruk sakudjur badan, nu tembusna ka luar djadi ngebrehkeun pamulu nu matak paur, huntuna kadenge kekerot ngabarengan sinar pa-non nu ngagedur hurung, sedengkeun peureupna mani buleud<sup>2</sup> bae bari tipepereket, tjajakan lamun harita heg bantrok djeung Pa Djaja atawa djeung Si Karun, geus pasti bakal dilabrak enja<sup>2</sup>, nu geus waktu tadi mah leumpangna teh ngalenghoj, tapi ajeuna ngadadak ngagedig sarta terus njuruntul teu beda ti badak mabur, nu pikeun Medi mah djeung Sidik, teu wudu djadi ngarasa kaget oge, tapi duanana teu loba tjarita ngan ukur sili reret, geus kitu mah gidig bae marengan nu ngadudud, atuh Si Petjut nu keur waktu tadi mah ngitjlik njalse naker malah bari djeung bisa sumpang simpang heula ka nu bala, ajeuna mah kapaksa kudu seserebetan ngudag dununganana, ngan Si Rujuk nu djongdjon teh kakalajangan di luhur, sakapeung belesat ka hareuP ninggalkeun nu keur laleumpang, sakapeung tjle eunteup dina dahan kai, mun teu kitu ngabelesat mubul ka luhur bari ngagelik teu beda ti nu keur nangtang hudjan.

Ari bari rusuh mah teu kungsi lila oge andjog ka Samarang, ari breh teh tembong imah Lasmanah

mani haroong kosong sarta tjombrek tiiseun da puguh taja nu ngeusian, buruanana barala da puguh ajeuna mah taja nu geten njapukeun, nu pikeun Djaka Santang mah djol<sup>2</sup> surudut bae tjiapanona geus teu bisa ditahan tahanan deui, ngadadak paripolah Lasmanah sapopoena, ebreh nembongan dina kongkolak panon. nambah<sup>2</sup> njua<sup>2</sup> bate patingsereset teu beda ti nu digerihan ku hinis.

„Emb....muhun we kosong....Mang Medi....”  
Djaka Santang dareuda bari njusutan tjiapanon,

„Tangtos we atuh....,eu..bade teras ka rorompokna Djang Banda bae kitu?” Medi saterusna nanjakeun lantaran Djaka Santang kalah ka ngadjengdjen njawang imah nu geus taja eusina.

„Muhun urang ka Kang Banda we....” Djaka Santang lalaunan,bring atuh tiluanana muru ka djalan leutik gigireun imah, ari djol teh ka tempat nu ditjitjingan ku Banda sabatur batur, kabeneran keur araja malah keur ngariung di tepas. atuh lain deui tingkaroredjatna, Banda mah teu sirikna tuturubun muru ka Djaka Santang, ari nepi ari gabrug bae ngarangkul bari kontan njeguruk kanjenjerian.

„Djang Santang....duuh....hapunten Akang teh....rumaos teu tiasa njumponan djangdji....,sanes teu sosen<sup>2</sup> Akang teh...mung teu kiat....,tjatjakan upami teu kabudjeng....ku Pa Djenar....,boa Akang oge.... ajeuna teh mung kantong ngaran....”Banda njaritana pegat<sup>2</sup> dibarung djeung eueuriheun.

„Ih....teu sawios Kang Banda, tos nasib...memang tos djanten kapastian ti Pangeran...urang mah teu daja teu upaja....' Djaka Santang ulah make boro<sup>2</sup> hajang ambek, ku mireungeuhna oge geus matak ngahelas, ebreh beungeut Banda teh masih keneh gareuneuk, nja kitu deui batur<sup>2</sup>na nu sedjen, sanadjan bener geus madyu kana tjageur oge tapi ari tapakna mah tatjau leungit bener.

„Mangga we ajeuna mah urang ka lebet, urang njawalakeun...kedah kumaha sarta kamana milarina Nji Lasmanah....” Banda njarita deui bari ngaleng Djaka Santang ditawa unggah ka tepas nu satulujna ngageblus ka tengah imah, nu sedjen oge blas blus ka djero.

„Eu... tadi teh... sindang heula...ka Pa Djenar?” Banda nanjakeun, njaritana masih keneh dibarung ku ingbakna.

„Kantenan Kang Banda, ku kituna....tos we teu kedah dianggo alit manah....” Djaka Santang djadi mapataban ka Banda, sok padahal hate manehanana oge baluwengna teh leuwih<sup>2</sup>.

„Geuning atuh....Pa Djenar teu ngiring angkat ka dieu?”

„Repoteun....Kang Banda, malum atuh kagungan uruseun...eu...kieu Kang Banda, urang dibudjeng enggalna we, saur Pa Djenar urang teh kedah njungsi ka kontrak Sumadra....”

„Naha tos aja kapastian kitu....Djang Santang, mangpretna Pa Djaja teh ka dinja?” Banda djol<sup>2</sup> megat kalimah, oge nanjana teh mani sewot naker.

„Teu atjan mung ieu mah bilih ka dinja andioga kapan tjenah dikontrak Sumadra teh aja Pa Kadri raina Bi Mursiah....”

„Sumuhun leres.... malah kapan maksud tadi ge Bi Mursiah teh bade dianteurkeun ka dinja....”

„Tah nja eta.. bisi we ka Sumadra, nu mawi haju we urang sungsi ka ditu, djugdjugeun mah urang ka Pa Nati, raina Pa Djenar, sanes djanten Mandor Besar di Sumadrana teh?”

„Sumuhun... eu... mangga atuh, iraha bade miosna?” Banda kawas nu geus teu sabar hajang geura djig.

„Endjing oge teu nanaon.. mung saha kinten<sup>2</sup>na nu bade ngiring?”

„Ih.... sadajana we ulah kantun, ongekoh komplotan Pa Djaja teh sanes sakedik<sup>2</sup> ditambah ku komplotan Si Karun ajeuna teh....”

„Leres kitu saur Pa Djenar oge, namung di dieu mah tetep we kedah aja nu tunggu, ulah dikantunkeun teuing ku sadajana, rjing kinten<sup>2</sup>na saba nu bade ditjandak ku Kang Banda?”

„Eu.... Djiran we nja?” Banda bari ngareret ka Djiran, „Keun nu tunggu di dieu mah Karbol djeung Sarbon.

„Ih ari saena mah mending ge indit sadajana....” Karbol ngasongkeun kahajangna.

„Muhun Djang Santang panasaran Akang ge hajang ngagempur....” Sarbon mairan sarua deui pada<sup>2</sup> hajang milu,



*Basma* „Is ulah.....sing beunang diatur atuh....., moa  
enja di dieu ditinggalkeun, n'angka<sup>2</sup> sakieu legana, ku-  
rang hade we....ngaran<sup>2</sup> oge paguron, sanadjan bener  
ajeuna geus teu digunakeun tapi tetep we kudu didjaga  
mah--..” Banda bari ngateret ka nu duaan.

*JS* „Muhun Kang Karbol..-Kang Sarbon.., eta mah  
kitu we, atuh bilih keueung mah tiasa we ..njubunkeun  
dibaturan ku salah saurang murid Pa Djenar....”

*Kabel* „Sumuhun kitu sae atuh..” Karbol djeung Sarbon  
ahirna mah njatudjuan oge sanadjan ari hatena mah  
keukeuh hajang milu, tapi dipikir deui memang enja  
katjida teu pantesna lamun seug paguron nepi ka kudu  
ditinggalkeun ku sarerea.

-Geus beres babadamian, Djaka Santang mah djeung  
Medi katut Sidik djrat djrut turun deui ti imah Banda  
langsung muru ka pangrereban nu memang geus matuh  
paragi maranchanana, sarta mun nu duaan blas blus  
ka djero Djaka Santang mah kalah ka terus ngintjid ka  
gigireun imah Lasmanah. manahoreng terus ngentjis ka  
kebon tukangeun paguron. datang ka dinja ngang ukur  
ngadon ngaheruk puguh sagala rengkak paripolah keur  
waktu paduduan djeung Lasmanah, ebreh kasawang deui  
taja aling alingna, kagambar kumaha lelewana Lasmanah  
lamun keur paduduaan di dinja, katjipta gelenju imutna  
nu kareueut saamis madu, kadenge deui galindeng sorana  
nu halimpu ngageleser kana kekendangan nu antukna

pikeun Djaka Santang harita djadi ngabuah kawung  
raranggeujan tjuruluk tjimata bidjil, ngabarengan gerem-  
tes hate nu teu kungsi kedal kaluar:

### SASAMBAT

DUH Gusti nu Maha Agung  
Mana kieu kieu teuing  
Mun gering taja tjageurna  
Gering pikir siang wengi  
Sasambat ka nu Kawasa  
Muntang ka nu Maha Leuwih.

Ku indung sering dikantun  
Tara bingung bingung teuing  
Ku Bapa sering ditilar  
Tara susah susah teuing  
Naha ari ku andjeunna  
Mana njeri njeri teuing.....

15 - „Duuuuh....Elaaaaas....kembang sotja buah hate  
---,naha dimana Enung teh...??” Djaka Santang bari  
nungkupan beungeut ku dua leungeunna, djougdjon  
ngambar tjipanon geus poho dikalalakian.....

oooOooo

### BAGIAN KA - 39.

KU SAREAT ge piraku teu kasawang kumaha ka-  
ajaanana Lasmanah nu waktu<sup>2</sup> ieu geus aja di Sumadra,  
tjitjing di tempat njingkur nu djauh ti bedeng<sup>2</sup> pagawe,  
meunang ngahadja ngatur Mandor Kadri Pa Djaja sarta  
Pa Wahidi ditempatkeunana di nu tempat hara haraun  
supaja ulah kanjahoan ku balarea, Mursiah katut Las-  
manah oge nja didinja tjaritjingna, ngan tempo<sup>2</sup> Mursiah

sok ngadatangan oge ka tempat Mandor Kadri, kitu we ari aja pangabutuhna, tjitjing di dinja mah teu daekeun lantaran kabajangna terus reureudjeungan djeung PaDjaja.

- Si Anta djeung komplotan Si Karun oge di dinja keneh tjaritjingna, sanadjan bener misab imah, tapi puguh salelewek keneh teu padjauh, nja eta bisi dina perluna supaja bisa silih bedjaan.

- Puguh we pikeun Si Karun mah mani geus kumerot mireungeub Lasmanah teh, malah geus aja dua tilu kalina manehna njarita ka Pa Wahidi, bakuna mah nagih djangdjina bareto tea, tapi unggal ditanjakeun oge kalah ka ngrung, nu antukna mah pok bae Pa Wahidi ngadjawab jen Lasmanah teh kudu dipenta ka Pa Djaja, lantaran manehna mah teu ngabogaan wewenang naon<sup>2</sup>, puguh deungeun<sup>2</sup> balangbangan, beda deui djeung Pa Djaja, pamanna pituin Nji Lasmanah

*KARUN* „Ih....bet teu puguh atuh Pa Wahidi mah?" Si Karun bari kerung, ngarasa teu ngeunah ku sikepna Pa Wahidi nu dianggapna lantja lintji mulang, teu bisa ditjekl omonganana.

*KARUN* „Teu puguh kumaha ari Karun?" Pa Wahidi kawas nu teu ngarti.

*KARUN* „Muhun djalir djangdji -- --"

*KARUN* „Ach... ari Karun, ari Bapa mah teu ngabogaan kakawasaan naon<sup>2</sup> aja ari bajang mah ka Nji Lasmanah hempek teh teuing, saha nu deuk ngahalangan ari djinisna daekeun mah, tapi leuwih hade kudu dipenta heula ka Kang Djaja, ka nu wadajibna... -- --"

*KARUN* „Ku Bapa atuh saurkeun ka Pa Djaja....”

*PAHIDI* „Kumaha? Marentah maneh teh ka kami? Ku sora-  
ngan we kadituh montong tunda talatah ka batur!” Pa  
Wahidi djol<sup>2</sup> njereng we ka Si Karun, ngarasa teu ngeu-  
nah sasatna diparentah ku sabandapeun.

*KARUN* „Ih.... sanes miwarang.... Pa Wahidi, kuring mah  
njuhunkeun tulung....” Si Karun djol<sup>2</sup> ngarasa gondok  
we, tjatjakan lamun kurang<sup>2</sup> nahau amarah mah piraku  
teu didagor Pa Wahidi teh.

*PAHIDI* „Sangeuk ah.... Karun mending ge ku sorangan,  
kuring disebutkeun panglajar we keh dewek teh!” Pa  
Wahidi bari ngintjid ngaleos ti hareupeun Si Karun.

*KARUN* „Aeh<sup>2</sup>.... teu puguh Si Wahidi, ati<sup>2</sup> siah.... wani<sup>2</sup>  
ngamaenkeun ka Si Karun mah ulah madjar kumaha..  
....” Si Karun ngagerentes di djero hatena, ngantjam  
ka Pa Wahidi.

- Ari Si Aata nu memangna manehanana oge mika-  
hajang ka Lasmanah, manehna oge ngerewih ka Pa Wa-  
hidi, nja ari dikumahaan ku muridna mah haget oge  
njanggupanana teh, ngan edas waktu ditjaritakeun ka  
Pa Djaja, kalah ka ngabede<sup>2</sup> teu puguh nembalanana  
pangpangna mah papalingpang naker djeung kabajangna  
Pa Djaja, lantaran ari maksudna manehanana mah  
Lasmanah teh deuk didjodokeun ka pagawe kontrak,  
kitu we ka djurutulis tjopelna oge nja eta maksudna  
supaja aja tuturkeuneun, ku kituna teu heran lamun  
sikepna

- Pa Djaja ajeuna djadi robah ka Lasmanah teh, atuh Mursiah oge nja kitu keuneh da puguh geus dibada mian, sugan we tjenah Si Lasmanah aja milikna, ari urang ajeuna nembongkeun kanjaab mah, nar nehna oge tangtu bakal njaaheun ka urang, tangtu daekeuu lamun dituturkeun pikeun nurut hirup.

- Sedengkeun Si Karun, sanggeusna Pa Wahidi geus karuhan teu beunang dikumahaan, manehna make djorodjoj aja niat goreng, hajaang njulik Lasmanah deuk dibawa kabur ti Sumadra, ku kituna ajeuna mah Lasmanah teh ku manehna mindeng diintip diintip diarah bongohna, orokaja teu bisa djongdjon lantaran salilana kudu bae bantrok djeung Si Anta, oge nu salilana sok ngintip<sup>2</sup> Lasmanah, tapi ari maksud manehanna mah sakadar hajang tepung papaduaan pikeun nembrakeun eusi hate, sugan we dilajanan kakeunaan ku paribasa batu turun keusik naek.

- Sakali mangsa Lasmanah kaluar ti imahna bari ngelek boboko, nu maksudna deuk ngundeur pilala beun, teu dipelak oge teu sirikna njajeud upamana bae sintrong, antanan gede leutik, daun walang atawa djonge tapi nja eta neanganana teh kudu ka nu rada anggang, nu dimaksud teh supaja teu kagiridig ku dampal suku atawa ku andjing kampung nu sok biasa rabeng ka dinja neangan hakaneun.

Keur dijongdion<sup>2</sup> Lasmanah metikan daun sintrong ana rongheap teh Si Karun teu kanjahoan timana.

munjengisna, djol<sup>2</sup> geus aja di gigireunana bari ngerewek kana taktakna, puguh we Lasmanah teh lain deui ngarandjugna.

*LASMA* „Haling... ah! Teu ujan djeung tjukal tjekel sagala!” Lasmanah njentak bari ngadilak, kodiengkang manehna pindah tempat, tapi panon mah teu reureuh gular giler ngawaskeun, bisi Si Karun aja maksudna deuk ngalakukeun kurang adjar.

*KARUN* „Heheheh... ari nu geulis, ngadilak oge mani matak njeblak, ulah lingas teuing atuh... da Kang Karun mah moal nananon... Tju? Si Karun pokpokkanana katempona ku Lasmanah mah matak sebel hajang utab.

*LASMA* „Njingkah ah... geuleuh! Datang<sup>2</sup> djol<sup>2</sup> ngo-tjoblak we... kawas nu weureu ku jubung!” Lasmanah ngadilak deui.

*KARUN* „Heuheuj deueuh... ari nu lutju, njentakna matak tibelat, dilakna sotja bet matak nambahan tresna... hem... kadiu geura Enung... urang rungrum ku Kang Karun!” kawasna bae tina ku bawaning geus teu kaampuh nahan napsuna, ngan djorelat bae Si Karun luntjat nu maksudna Lasmanah teh deuk dikerekeb, meungpeung rineh sarta rada anggang ti pamondokan piraku teu samemena ngagalang gaper.

„Orokaja manehna sama sakali teu sadar jen Lasmanah teh anakna Pa Jahja, nu beunang disebutkeun diawara mojan nu tingkat pangabisana... Nji Lasmanah ngan ukur ngarempod meueusan, tapi

nu tumerapna ka Si Karun bet matak landjung alah batan nu dirungrum ku gelung, lantaran manehna teh djol<sup>2</sup> njungkruk bae njuub kana taneuh nu pinuh ku djudjukan.

*KARUN* „E...eh...teu beunang dipisano...nja?” Si Karun bari ngagentak ngagurindjal hudang.

*LASMA* „Balikanan sia teu gableg kaera...maksamir rusa kanu teu suka! Tjib...mun ngeunteung ka ditu...titenan dodonges teh sia naon!” Lasmanah nambalang, bari tandangna mah pinuh ku kawaspadaan, sret sampingna dipageuhan tapi saeniana mah teu nanaon oge lantaran ajeuna mah Lasmanah teh tarapti naker, salijana oge tara lesot tina tjalana pangsi titingal bapana, nja eta ngadjaga diri bisi aja nu deuk ngalakukeun kurang adjar.

*KARUN* „Aduh! Kurang adjar sia utjap utjapan teh... Lasmanah? Aing mah karunja we deuleu...maksud teh hajang nulungan...lantaran sia aja di dieu teh teu beda ti ngadjedog dina guha maung...ngarti?” Si Karun djadi kaudal oge ajeuna mah napsuna.

*LASMA* „Enja...memang deuleu! Tapi teu sudi nadjis deuleu...ari ditulungan ku tjareuh mah! Sarua ke-neh taja piliheunana!” Lasmanah nambalang.

*KARUN* „Setan siah! Sugaan kudu diwarah ku aing!” Si Karun bari ngarontok deui, orokaja Lasmanah nu memangna ngabogaan daja gerak nu katjida lingasna, ngagentak manehna ngadjorelat bari nadjogkeun dampal sukuna keuna kana kekemplong, „Aduh” Si

Karun ngagero nahan kanjeri, sarta deui waktu Si Karun ngadjengdjehe keneh, Lasmanah ngagentak malik djorelat deui luntjat bari njanberkeun peureupna kana punduh tapi... salahna Si Karun sora ngara, hajjah manehna make ngalieuk ka tukang lantara naja nu njeletjep kana punduh, atuh... "Djrot" bae nu beunang teh djadi tukang irungna pisan, kontan harita keneh oge njebrotkeun ketjapna.

*KARUN* "Andjing siah!" Si Karun njarekan tapi badanna bari ngageblag ka tukang, leuwih<sup>2</sup> tjilakana lantar an ngadjengkangna teh persis ka palebah podol asu nu memangna keur waktu tadi mah teu kanjahoan, mangkaning kabenturna teh kana sirahna pisan, atuh teu wudu mani ramipingna buukna nu teu kautupan ku iketna.

*KARUN* "Alaanaah... djpodaran sia Lasmanah... wani<sup>2</sup> ngahina Si Karun mah!" Si Karun bari ngagentak ngoredjat hudang, sarta teu antaparrah sebrut bae manehna naradjang deui ngirimkeun djurus panyundung musuh pusaka Bandjarsari, puguh we tumerapna ka Lasmanah lain deui ngarandjogna, memang bener<sup>2</sup> ajeuna mah Si Karun teh deuk ngabinasa ka manehanana, kituna teu pandjang deui mikir ngagentak manehna luntjat ka gigir ngagunakeun gerakan simeut ngedjat, plos... tondjokeun Si Karun ngan ukur ngahantja angin, tapi irikat Si Karun ngagilekeun badanna ka beulah katuhu nu dibarengan ku ngangrodna suku katuhuna ka tukang



sedengkeun peureup kentjana dibelesurkeun ka hareup, orokaja Lasmanah nu memangna surti jen manehna bener<sup>2</sup> diantjam ku pibahaiieun, ngagentak manehna ngolebat ka katuhueun Si Karun, Si Karun rikat ngadiuskeun peureup katuhuna ka gigir, tapi Lasmanah teu eleh kesit ngagunakeun teunggeulan katuhuna dipake ngahantja pigeulang nu dibarengan ku ngaheatna leungeun kentja nu teu salah deui ngadjedak kana puhu tjeuli, „Aduuuuub—....!!!” Si Karun kapaksa kudu ngagerung, sarta rikat manehna malik, tapi Lasmanah geus nguliwed manten ka tukangeunana bari langsung ngirimkeun gempuran kana punduk, „Duk!” „Uuuuuuh...!!!” Si Karun ngagerung deui, bareng djeung eta—djekuk—tuur Lasmanah sanadjan bener leutik tapi patri ngahakan bobokong. nu tumerapna ka Si Karun djadi kapaksa kudu ngagebru deui lantaran bari dikael babadjegna, ngan ajeuna mah datangna teh nangkuban, beungeutna heula nu njium kana taneuh mangka<sup>4</sup> keur tjalawak da puguh bari ngagoak, nja atuh dina ngalingkupna deui teh sungutna djadi njesel ku djudjukutan, ngan alusna we lebah dinja mah teu manggih nu pikasebeleun.

— Mireungeuh Si Karun ngadjongkeng deui, paparahna mah Lasmanah deuk ngadjorelat deuk terus balik ka imahna, tapi kapaksa dibatalkeun lantaran Si Karun kaburu ngadjorelat manten, tjelegedeg manehna nangtung bari kaajaan beungeutna

mani beureum semu<sup>2</sup> geuneuk teu beda ti beusi atah dibeuleum. hatena lain deui ngarasa kagetna. manahoreng wewesenna Lasmanah teh teu beunang dihina basa, tapi sanadjan kitu manehna moal waka boboleh. ongkoh pisakumahaeun wiwirangna lamun seug aja nu nganjahoankeun jen manehna nepi ka eleh ku awewe bakuna mah bisi kanjahoan ku anak buahna. ku kituna teu pandjang deui mikir sebrut bae manehna naradjang sarta tetep ngagunakeun djurus panundung musub, sedeng Lasmanah maksud mah deuk rikat ngolebat deui ka gigir, tapi ngadadak teu tulus lantaran kaburu mireungeuh gilerna panon Si Karun nu kawasna geus ngarti deui kamana pilumpateun manehanana, ku kituna lep bae manehna ngagunakeun gerakan djogo andjing, heat . . . djedak . . . dampal leungeuna ngahakan babadjegna Si Karun, „Djadah siah! Si Karun ngagorowok bari ngadjerete, tapi sanadjan kitu dampal sukuna kalah ka terus njuruntul deuk didjedjekeun kana dada, Lasmanah ngarandjug puguh sangkaanana mah Si Karun teh bakal ngedjat, deuk diteunggeul geus teu kaburu, ku kituna ngan kerewek, bae ditewak, tapi tanaga djedjekon Si Karun tetela teu bisa diungkulan ku tanaga manehanana. nu antukna Lasmanah ngageblag nangkarak bengkok.

*KARUN* „Heheheh . . . beunang sia ajeuna mah . . . Lasma-

nah! Hajoh deuk lumpat kamana!" Si Karun bari rikat ngarontok, maksudna Lasmanah teh deuk dibawa sarta dilawanan ku gerakan pujuh diadu, lantaran ari ngagunakeun tanaga mah pasti manehna bakal unggul, ongkoh deui tangtu matak nimbulkeun kanikmatan nu pohara, tapi dasar badan Si Karun keur meudjeuhna sial, kakara ge badan manehna ngalajang deui ngarontok Lasmanah nu keur ngabebengkang, bet teu ku hanteu djol? aja nu ngolebat sarta langsung nedjeh kana kekemplongna, atuh Si Karun teh djadi ngagoak sarta lain deui reuwasna lir nu dibentar gelap tengah poe ereng erengan, teu ngalobakeun deui tjodeka, badan Si Karun djadi ngoleweng. sarta blak...bac manehna nangkarak, ragragna anggang ti Lasmanah...-----

1. Saha nu nulungan Lasmanah teh? Kumaha papadungdungna djeung Si Karun? Tjenah ieu ge tungtungna mah teu beda ti Si Karun?
2. Tapi ngadadak djol deui datang nu nulungan malah pikeun Lasmanah mah matak ngadjadikeun tambah<sup>2</sup> bingung, lantaran nu ieu oge sarua mikahajang ka dirina, malah nu antukna disatudjuan ku Pa Djaja katut Mursiah, saha atuh manehanana teh?
3. Bener Si Karun sabaturna misah ti Pa Djaja katut Pa Wahidi?

4. Kumaha ari hodjah Si Karun saterusna?
5. Ari Djaka Santang sabaturna, kumaha datang oge ka Sumadra? Bisa kira<sup>2</sup>na ka Lasmanah?
6. Kumaha hubunganana Pa Nata djeung Mandor Kadri?  
Antos terasna Djaka Santang djilid ka I4,




---

**SELALU SEDIA:**

Buku<sup>2</sup> peladjaran, madjalah<sup>2</sup>, tjerita<sup>2</sup>: Roman/Silat Sunda dan Tjergam<sup>2</sup>/Komik karja pengarang<sup>2</sup> terkenal. Hubungilah T. B./U. P. :

**!MARANATHA**

Djl. K. H. Wahid Hasjim (Kopo III Bandung.)  
Djangan anda lewatkan miliki dan batjalah silalu: Serial LABAH<sup>2</sup> MERAH karja pelukis KUS.

---

Kangge daerah Sumedang sareng sabudeurna tiasa nambut buku ka:

1. Taman Batjaan ANGKREK di Djl. Angkrek
2. " " PARAPUTRA Djl. Panjngkiran
3. " " TJAHAJA BARU Djl. Talun
4. " " P I A L A Djl. Piala
5. " " DJALAN TJAGAK diparapatan Legok

**SUMEDANG**

---

## Koropak:



S. ADISAPUTRA

Gg. Arab Pasarming-  
gu Kantor Angg. Team  
Penataan ex BPU PPN  
Gula Djl. Mangunsar-  
koro I DJAKARTA.

Wirehna nalika sim  
kuring sakulawargi  
miang deui ka tem-  
pat pangumbaraan  
di Djakarta, kalere-  
san tepang sareng  
Memed di stasion

Bandung, rupina andjeunna nudju asjik maos buku  
wedalan Tjaringin karja S. Sukandar, saladjengna di  
tingalan ku sim kuring. Ku djalaran dina sadajana  
buku2 wedalan Tjaringin disajagikeun koropak kang-  
go paramaosna, sim kuring oge mug i ditjatet kang-  
go tjalon langganan nu mangkuk di Ibukota R.I.  
(DCI Djaja) Moal enja tebih<sup>2</sup> ti Surabaja, Palembang  
aja, ari di Djakarta nu masih keneh saampar samak  
sareng Djabar Bandung teu aja, kumargi kitu nga-  
witan sasih April ieu njuhunkeun dikintunan saban  
penerbitan teras<sup>2</sup>an. Kanggo ngalebetan koropak  
anu mundelna, Insja Allah bade dikintun husus.  
Teu aja sanes ngiring bingah sareng doa restuna  
mugi<sup>2</sup> Penerbit Tjaringin salamina diberkahi taufik  
hidajat. Amin! (Teu kinten ngahaturkeun nuhunna

sarehna salira kagungan perhatosan kana buku<sup>2</sup> wedalan Tjaringin, Insja Allah pamundut diperhatoskeun pisan. Hatur sewu nuhun kana duana! Red),

DJONI S. Djl. Panglima Sudirman No. ? SURABAJA  
Mana asa reueus kuring matja buku Si Buntung sareng Waliwis Bodas nu tjan tamat, Da atuh mani katjipta lembur matuh panglajungan teh. bet rarasaan asa dibawa mulang ka Bandung. Handjatal waktos sin kuring ka Bandung samporet teuing waktosna, namung a'hamdulillah parantos tiasa meser buku<sup>2</sup> Sunda wedalan Tjaringin, Kapajun upami kaparengan ka Bandung deui Insja Allah bade ngaborong da bongoran atuh katagihan, (Teu kedah angkat ka Bandung bae perjogi buku wedalan Tjaringin mah, namung tiasa pesen ka Toko Buku COSMOS Djl, ABC 41 Bandung sakanntenan dikintun ipekabna! Red),

ASEP DANYA ISKANDAR Djl Pasundan Gg Winata GARUT,

Pribados parantos matja buku kiranglangkung 122 djilid wedalan Tjaringin, Gumilar 24 djilid, Si Rujung Kawung 18 djilid, Si Buntung 40 djilid Djaka Santiang 9 djilid sareng Waliwis Bodas 31 djilid teu atjan tamat, Namung teu ngarasa kaabotan bade sabaraha ratus oge, margi parantos tiasa ngaleungit. keun kasesah dianggo landong kabingung, Pribados teh urang Kadungora, da mani asa enja atuh, komo tempatna mah taja nu mentjog, Salam perkenalan ka sadaja warga koropak Asep Danya Iskandar umur 15 taun murid SMP Pasundan I Garut hobty hojong seueur kekenalan (Sep teu kenging teras<sup>2</sup>an maos nja, namung atur kedah aja waktosna, bilih kana paladjaran sakola kaluli luli heg keh teu naek! Nu-

hun ku Asep tiasa dianggo landong kabingung mah!  
Red).

T. DARTA MAULANA Kp. Djatirasa Rt II Rk A  
VIII KRAWANG.

Teu sangka nja geuning Si Kapinis teh Nji Amimah  
putrana Pa Hadji Sabri, ari Si Kalong Hideung geu  
ning Upas Santa nu ngabela perjuangann Si Walj-  
wis Bodas. Abdi mah hojong diseueuran cusina sa-  
reng romanna antawis Sangkon sareng Nji Amiman  
alias Si Kapinis tea, kitu tah sapertos Djaka Santang  
sareng Lasmanah. Aeh iraha nja Kang Santang sa-  
reng Sidik Permana oge Mang Medika Kang Sangkon  
di Kepuh? Upami ka Krawang njimpang ka abdi  
bilih palaj beas Karawang geura ka A. Ruhjati da  
warga koropak keneh! Salam ka sadaja warga ko-  
ropak! (Pamundut romanna te Insja Allah, ceh...  
beas Karawang nja, mangga tjenah upami ka Kepuh  
bade njimpang! Red)

ABDUL LATIP Gg Djamhari 57A/95BANDUNG

Sim kuring ngawitan maos buku Sunda teh ti taun  
66 ti serial Neng Dewi teras ka serial Koswara  
tug dugi ka ajeuna tara absen sareng tara maos kara  
ngan nu sanes iwal wedalan Tjatingin. Sim kuring  
mah sok hajang seuri ari ras ka Si Rujuk sok njeng-  
tjle dina tonggong Si Petjut, sakitu boga djangdjang  
teh ogoan pisan. Kumaha Si Karna sareng batur<sup>2</sup>na  
katjaturkeun deui? (Perkawis Karna tangtos katja-  
turkeun deui mah, antosbae geura mangga terakeun  
maosna! Red)

ING SUHENDI Bodjongloa Rantjaek BANDUNG  
Sim kuring mah moal ditudjukeun ka hidji penerbit  
atanapi ka hidji pangarang, margi aja saur paripaos  
Alus soteh tjeke sobatna, goreng soteh tjeke musuhna.  
Saran: Format buku ulah lebar teuing, katingalna  
pasagi kirang manis, kertas djilid saena kunu kandel  
Kartutik, iraha bade nerbitkeun tjarios wajang?  
Nerbitkeun buku ulah elat teuing. (Saran<sup>2</sup> sdrk di-  
perhatoskeun pisan. Nuhun! Buku<sup>2</sup> wedalan Tjaringin  
rata<sup>2</sup> dina dua minggu 5 djilid, rupina mah teu elat  
teuing sanes? Red),

—ooOoo—

---

SALAMINA sajagi Buku<sup>2</sup> paladjaran, madjalah<sup>2</sup> tjari-  
os<sup>2</sup> Roman/Silat Sunda, Tjergam<sup>2</sup>/Komik<sup>2</sup>. Kengin.  
pangarang<sup>2</sup> nu tos terkenal. Sarumpingan bae ka:

Kios Buku „AMPERA“ M. Suman  
Djalan ABC. Sasak Tjikapundung Bandung.

Ka para langganan nu masih keneh kagungan paetang-  
an, diantos pisan sumpingna supados sami<sup>2</sup> pada lantjar

---





